

WE ARE YOUR DOL



Department of Labor

PWOTEKSYON POU TRAVAYÈ AGRIKÒL

Ou ta dwe konnen gen lwa federal ak eta a anrapò ak travay, ki la pou pwoteje w.

LOJMAN

Lojman w resevwa nan kad travay ou dwe reponn ak kèk prensip sou sante ak sekirite. Si konpayi w ap travay la ba w yon lojman e w panse li pa an sekirite e l pa pwòp, rele biwo Wage and Hour nan Ministè Travay Etazini (USDOL) ki pi pre w la epi esplike rezon ki fè w panse lojman w lan pa an sekirite. Nimewo gratis yo a se **866-487-9243**. Epiou, ou ka kontakte Biwo ki responsab Sante Anviwònman ak Manje nan Ministè Sante Eta Nouyòk, nan nimewo gratis la ki se **1-800-458-1158**, Ekst. **27600**.

SALÈ

Si w ap travay nan yon chan, ou gen dwa pou w resevwa kontra travay ekri ki esplike kondisyon travay ou a nan lang ou konprann nan. Enfòmasyon an dwe gen ladan l montan yo peye pa èdtan oswa pou chak pyès ou fè. Konpayi w ap travay la dwe respekte kontra a epi pèman w dwe omwen salè minimòm nan. Apati 1ye Janvye 2024 yo dwe peye w yon fwa edmi (1 fwa 1/2) montan yo peye w pou èdtan travay nòmal pou nenpòt kantite tan w te travay ki plis pase 56 nan yon semen.

1/1/24 – 31/12/24

Vill Nouyòk **\$16.00/èdtan**

Rejyon Long Island
Ak Westchester **\$16.00/èdtan**

Rès Eta Nouyòk **\$15.00/èdtan**

JOU REPO

Apati 1ye Janvye 2020, ou gen dwa pou w resevwa omwen yon jou (24 èdtan youn apre lòt) konje nan chak semèn. Ou ka deside travay nan jou konje w la depi yo peye w nan pri yo peye pou lè sipleman tè.

Kontakte biwo Depatman Travay NYS ki pi pre w, Biwo ki Responsab Prensip Travay nan **888-469-7365** si:

- Ou pa resevwa yon kontra travay ekri
- Ou pa resevwa tout pèman yo te pwomèt ou
- Pèman w pi piti pase salè minimòm nan
- Ou pa resevwa pèman pou lè sipleman tè
- Yo refize w yon jou repo pandan semèn nan oswa si yo pa peye w montan yo peye pou lè sipleman tè paske w travay nan jou konje w te chwazi a

TRANSPÒ

Si w travay pou yon Kontraktè Ki Bay Sèvis Agrikòl ki mennen w epi al chèche w nan travay, mwayen transpò w monte a dwe respekte prensip federal ak eta yo e kontraktè a dwe gen asirans pou mwayen transpò a. Si w panse mwayen transpò a pa ansekirite, kontakte biwo Wage and Hour USDOL ki pi pre a. Nimewo gratis yo a se **866-487-9243**.

KONDISYON TRAVAY

Lwa federal ak nasyonal yo egzije pou travayè yo ka fè travay yo nan kondisyon ki pa reprezante yon menas pou sante ak byennèt yo. Si w panse kondisyon travay yo pa ansekirite oswa yo pa pwòp, kontakte biwo Wage and Hour USDOL ki pi pre a. Nimewo gratis yo a se **866-487-9243**.

LÒT PWOTEKSYON

- Ou gen dwa pou yo enfòmè w e pou w resevwa aksè ak kouvèti Konpansasyon travayè pou blesi ki te rive nan plas travay la.
- Si w kalifye, ou gen dwa pou w resevwa Avantaj pou Andikap (DB) pou yon blesi oswa maladi ki pa t rive nan travay, ak asirans Konje Fanmi Peye (PFL) pou ranfòse lyen, pran swen ak ede fanmi w.
- Ou gen dwa pou w resevwa kouvèti Asirans Chomaj (Remak: Travayè Etranje Envite H-2A pa nan kouvèti Asirans Chomaj la).
- Ou gen dwa pou w òganize pou w kreye, antre oswa ede yon sendika pou nou jwenn pi bon kondisyon travay; ou gen dwa pou tou pou nou met tèt ansanm pou nou negosye.

PLENT

Ou gen dwa pou w depoze yon plent nan Ministè Travay Eta Nouyòk nan sitiyoasyon annapre yo:

- Gen yon pwoblèm ak yon konpayi w ap travay konsènan yon travay Depatman Travay voye;
- Ou panse gen yon pwoblèm ak sèvis ou te resevwa nan men Depatman Travay Eta a;

Si plent ou a se pou yon lòt sijè, anplwaye depatman travay la ap ede w jwenn ajan ki ka korije pwoblèm nan. Kontakte depatman travay eta Nouyòk la nan biwo ki pi pre ki mansyone nan paj ble lis kontak yo a, oswa rele nan **888-469-7365**.